



150 YEARS  
OF ADVANCING  
PUBLIC  
HEALTH

Massachusetts Chapter

INCORPORATED IN MASSACHUSETTS

American Academy of Pediatrics

DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®



dese  
MASSACHUSETTS  
Department of Elementary  
and Secondary Education

MASSACHUSETTS  
Department of  
Early Education and Care

22 Desanm 2022

Chè Paran /Gadyen:

Nan dat 9 desanm 2022, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Disease Control and Prevention, CDC) te ogmante mizajou itilizasyon vaksen (bivalan) COVID-19 pou timoun ki gen laj 6 mwa jiska 5 an. Kounye a, prèske tout timoun nan Commonwealth la kalifye pou pran vaksen ki ajou.

**Depatman Sante Piblik ak Akademi Pedyatri Ameriken -Chapit Massachusetts ap fè w sonje pou fè pitit ou vaksinen, sitou anvan jou ferye k ap vini yo.** Yo montre vaksen COVID-19 la san danje epi efikas pou pwoteje kont maladi grav, ospitalizasyon ak lanmò.

Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH) ap avèti rezidan yo tou aktivite grip pi wo pase nòmal pou epòk sa a nan ane a – nan Commonwealth ak onivo nasyonal – epi li mande rezidan tout laj yo pran vaksen kont grip la tou. DPH ak AAP fè w sonje yo ka bay vaksen COVID ak grip nan menm vizit la.

Pandan fanmi yo ka santi yo pi alèz pou yo pran vaksen ki pi piti yo pwofesyonèl swen prensipal yo, tanpri sonje kèk nan famasi ki Vann an Detay kapab tou vaksinen timoun ki gen laj 3 ane oswa plis. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan [www.mass.gov/CovidVaccineyoungkids](http://www.mass.gov/CovidVaccineyoungkids).

**Kòm yon rapèl: vaksen COVID la an sekirite, li gratis pou tout moun, epi pa gen okenn ID oswa asirans ki nesèsè pou pran vaksen an.**

Fè fanmi w vaksinen kont COVID ak grip se pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo. Nou apresye èd ou pou kenbe kominote nou yo an sekirite e an sante.

Sensèman,

Margret R. Cooke, Komisyone, Depatman Sante Piblik Massachusetts

Mary Beth Miotto, Prezidan, Akademi Pedyatri Ameriken - Chapit Massachusetts

Jeffrey C. Riley, Komisyone, Depatman Edikasyon Primè ak Segondè

Amy Kershaw, Komisyone Enterimè, Depatman Edikasyon ak Swen Prevanitif